



Lwa sou Swen Abòdab E Ou Menm

Yon Gid pou Travayè ak viza H-2A yo

Lwa sou Swen Abòdab la (Affordable Care Act oubyen “Obamacare”) bay nouvo chwa pou jwenn kouvèti asirans sante pou moun ki reside Ozetazini. Li egzije tou pou tout moun k ap viv Ozetazini gen asirans sante. Selon kantite kòb w ap touche ak konbyen moun ki nan fanmi w, ou kapab elijib pou asistans finansyè oubyen kredi nan taks pou ede w desann pri asirans sante w.

Travay' travayè ak viza H-2A yo ap peye pi piti pase \$25/chak mwa pou asirans sante!

Poukisa mwen bezwen asirans sante?

Asirans sante a se yon kontra ant ou menm ak yon konpayi prive. Ann echanj pou yon kòb ou peye chak mwa (ki rele yon prim oubyen “premium”), konpayi asirans la ede w peye pou depans medikal regilye oubyen enprevi yo. Asirans sante a pwoteje w kont gwo depans si w bezwen sèvis medikal pandan ou Ozetazini. Sonje ke okenn moun pa planifye pou yo tonbe malad oubyen pou yo blese. Si w pa gen asirans sante, yon blesi kapab koute plizye milye dola. Men avèk asirans sante, l ap koute w mwens anpil.

Kisa k rive si m pa gen asirans sante?

Ou oblije genyen asirans sante si w ap viv Ozetazini pandan twa (3) mwa ou plis. Si w nan peyi isit la pou plis pase twa mwa epi ou pa genyen asirans sante, ou kapab genyen pou w peye yon penalite lè w ap ranpli fòmilè federal la pou taks.

Èske patwon m pa peye pou depans medikal mwen pandan mwen Ozetazini?

Si pandan w nan yon travay ou blese oubyen w tonbe malad, patwon w lan peye pou depans medikal ou yo. Nou rele sa asirans pou konpansasyon travayè (“workers’ compensation” insurance). Men si w blese oubyen tonbe malad andeyò travay ou a, se ou menm k ap responsab pou tout depans medikal yo. Asirans sante a ede peye pou depans sa yo. Mande patwon lan si l kapab ba ou asistans pou w jwenn asirans sante.



OU OBLIJE APLIKE POU ASIRANS SANTE ANNDAN 60 JOU APRE OU FINI ANTRE OZETAZINI. OU DWE TOUT NILE ASIRANS SANTE W LA ANVAN OU KITE OZETAZINI.

Lè w aplike, asire w ke w genyen:

- ✓ Viza H-2A ou la ke gouvènman Etazini a te ba ou a
- ✓ Dènye souch chèk w resevwa a oubyen fòmilè taks W-2 a
- ✓ Non ak tout adrès patwon w lan
- ✓ Paspò ou
- ✓ Kat Sekirite Sosyal ou

Atansyon:

Ou kapab bezwen ant 1 èdtan a 3 edtan pou w aplike pou asirans sante.

Pa bliye... Enfòmasyon w mete nan aplikasyon pou asirans sante w la ta dwe parèy ak sa ou bay nan fòmilè federal ou ranpli pou taks sou revni w lan.



Rele **800-318-2596** pou w pale ak yon moun ki kapab reponn kesyon w yo, oubyen ede w enskri. Toujou gen èd disponib an kreyòl ayisyen.

Ou kapab jwenn èd tou nan:

Avètisman HRSA a: Se donasyon nimewo U30CS22741 ki sòti nan Biwo Resous Sante ak Administrasyon Sèvis pou Swen Sante Primè ki sipòte publikasyon sa a. Se sèl Farmworker Justice ki responsab sa k nan publikasyon sa a e li pa nesesèman reflekte pwendvi ofisyèl "Bureau of Primary Health Care" an oubyen "Health Resources and Services Administration" a.

